

**Aetna Better Health® of New York**  
101 Park Avenue, 15th Floor  
New York, N.Y. 10178



## **Aetna Better Health® of New York**

### **Avi sou Pratik Konfidansyalite Vi Prive**

**Avi sila a dekri kijan nou kapab itilize ak devwale enfòmasyon medikal ki konsène ou avèk tou kijan ou kapab gen aksè ak enfòmasyon sa a.  
Tanpri revwa li avèk atansyon.**

Avi sila a ap aplikab nan dat 2 me 2012.

#### **Kisa nou vle di lè nou itilize mo "enfòmasyon sou sante" yo <sup>[1]</sup>**

Nou itilize mo "enfòmasyon sou sante" yo lè nou vle di enfòmasyon ki idantifye ou. Kèk egzanp se:

- Non w
- Dat nesans ou
- Swen sante ou resevwa
- Montan yo peye pou swen ou

#### **Kijan nou itilize ak pataje enfòmasyon sou sante w**

**Ede ba w swen:** Nou ka itilize enfòmasyon sou sante w pou ede avèk swen sante w. Nou itilize l tou pou deside ki sèvis avantaj ou yo kouvri. Nou ka di w ki sèvis ou kapab jwenn. Sa ka se pou konsiltasyon oswa tès medikal. Nou ka fè w sonje randevou w yo tou. Nou ka pataje enfòmasyon sou sante w avèk lòt moun ki ba w swen. Sa ka se dokè oswa magazen ki vann medikaman. Si ou pa nan plan nou an ankò, depi ou otorize sa, n ap bay nouvo doktè w la enfòmasyon sou sante w.

---

<sup>[1]</sup> Pou objektif avi sa a, "Aetna" ak pwonon sa yo, "nou, noumenm," "n" ak "nou/pa nou" fè referans ak tout HMO ak filyal konpayi asirans lisansye pou Aetna Inc. yo. Enstitisyon sa yo deziyen kòm yon sèl enstitisyon afilye ki kouvri pou rezon konfidansyalite vi prive onivo federal.

**Fanmi ak zanmi:** Nou ka pataje enfòmasyon sou sante w avèk yon moun k ap ede w. Yo ka ap ede avèk swen w oswa ede peye pou swen w. Pa egzanp, si w gen yon aksidan, nou ka bezwen pale ak youn nan moun sa yo. Si w pa vle nou bay enfòmasyon sou sante w, rele nou.

Si w gen mwens pase laj dizwit lane e ou pa vle nou bay paran w yo enfòmasyon sou sante w. Rele nou. Nou ka ede nan sèten ka si lalwa leta pèmèt sa.

**Pou peman:** Nou ka bay lòt moun ki peye pou swen w, enfòmasyon sou sante w. Doktè w la dwe bannou yon fòmilè reklamasyon ki gen ladann enfòmasyon sou sante w. Nou ka itilize tou enfòmasyon sou sante w pou swiv swen doktè w la ba ou. Nou ka tcheke tou jan w itilize sèvis sante yo.

**Aktivite ki gen rapò ak operasyon pou swen sante:** Nou ka itilize enfòmasyon sou sante w pou ede nou fè travay nou. Pa egzanp, nou ka itilize enfòmasyon sou sante w pou:

- Pwomosyon lasante
- Jesyon ka
- Amelyorasyon kalite
- Prevansyon fwòd
- Prevansyon maladi
- Zafè legal

Yon manadjè ka ka travay avèk doktè w la. Yo ka ba w enfòmasyon sou pwogram oswa sou kote ki ka ede w avèk pwoblèm sante w. Lè w rele nou epi w poze kesyon, nou dwe gade enfòmasyon sou sante w pou nou ka reponn kesyon yo.

**Pataje avèk lòt biznis:** Nou ka pataje enfòmasyon sou sante w avèk lòt biznis. Nou fè sa pou rezon nou eksplike pi wo a. Pa egzanp, plan w lan ka kouvri sèvis transpò pou ou. Nou ka pataje enfòmasyon sou sante w avèk yo pou ede w ale nan klinik doktè a. N ap fè yo konnen si ou sou yon chèz woulant a motè pou yo sa voye yon kamyonèt pou vin chèche w olye yo voye yon machin.

**Lòt rezon ki fè nou kapab pataje enfòmasyon sou sante w:** Nou ka pataje enfòmasyon sou sante w tou pou rezon sa yo:

- Sekirite publik – Pou ede avèk bagay tankou abi kont timoun. Menas sou sante publik.
- Rechèch – Bay chèchè. Apre nou pran mezi pou pwoteje enfòmasyon w.
- Patnè nan biznis – Bay moun ki founi nou sèvis. Yo pwomèt pou kenbe enfòmasyon w an tout sekirite.
- Règlementasyon pou endistri a – Bay ajans leta ak ajans federal. Yo kontwole nou pou asire n ap fè yon bon travay.
- Otorite ki ranfòse lalwa – Bay moun ki ranfòse lalwa lokal, federal, ak leta.
- Aksyon jiridik – Bay tribunal yo pou yon pwosè oswa yon ka jiridik.

## **Rezon ki fè n ap bezwen pèmisyon w alekri**

Eksepte pou sa nou eksplike pi wo a, n ap mande pèmisyon w anvan nou itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w yo. Pa egzanp, n ap mande pèmisyon w:

- Pou rezon maketing ki pa gen anyen pou wè avèk plan sante w la.
- Anvan nou pataje nenpòt nòt sikoterapi.
- Pou lavant enfòmasyon sou sante w.
- Pou lòt rezon jan lalwa egzije sa.

Ou ka anile pèmisyon w nenpòt ki lè. Pou anile pèmisyon w, ekri nou. Nou pa kapab itilize oswa pataje enfòmasyon jenetik ou lè nou pran desizyon pou n ba w kouvèti asirans swen sante.

## **Ki dwa ou genyen**

Se dwa w pou gade enfòmasyon sou sante w.

- Ou kapab mande nou pou yon kopi l.
- Ou kapab mande pou dosye medikal ou yo. Rele biwo doktè w la oswa kote ou te resevwa swen an.

Se dwa w pou mande nou pou nou chanje enfòmasyon sou sante w.

- Ou kapab mande nou pou n chanje enfòmasyon sou sante w si w panse li pa kòrèk.
- Si nou pa dakò ak chanjman ou mande a. Mande nou pou soumèt yon deklarasyon dezakò alekri.

Se dwa w pou jwenn yon lis moun oswa gwooup nou pataje enfòmasyon sou sante w yo ak yo.

Se dwa w pou mande pou yon fason prive pou nou pran kontak ak ou.

- Si w panse fason nou kontakte w la pa prive ase, rele nou.
- N ap fè tout posib nou pou n kontakte w yon fason ki pi prive.

Se dwa w pou mande pou nou jere yon fason espesyal fason n ap itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w.

- Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w nan fason nou dekri nan avi sa a.
- Ou ka mande nou pou n itilize oswa pataje enfòmasyon w nan fason sa yo. Sa gen ladan l, pataje avèk moun ki enplike nan swen sante w.
- Nou pa oblige dakò. Men, n ap panse sou sa avèk anpil atansyon.

Se dwa w pou konnen si nou te pataje enfòmasyon sou sante w san pèmisyon w.

- N ap ekri yon lèt ba ou pou fè w konnen si nou te fè sa.

Rele nimewo gratis la nan **1-855-456-9126** pou:

- Mande nou pou nou fè nenpòt nan bagay ki make anlè yo.
- Mande nou pou yon kopi sou papye avi sa a.
- Mande nou nenpòt kesyon sou avi a.

Epitou ou gen dwa pou voye yon plent bannou. Si w panse yo te vyole dwa w yo, ekri nou nan:

Aetna Better Health® of New York  
P.O. Box 818089  
Cleveland, OH 44181-8089

Ou ka soumèt yon plent tou bay Biwo pou Dwa Sivil nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (Department of Health and Human Services, Office of Civil Rights). Rele nou pou pran adrès la.

Si w pa kontan epi ou fè Biwo pou Dwa Sivil la konn sa, ou p ap pèdi patisipasyon w nan plan an ni ou p ap pèdi sèvis swen sante yo. Nou p ap itilize plent ou fè a kont ou.

### **Pwotection enfòmasyon w**

Nou pwoteje enfòmasyon sou sante w avèk pwosedi espesifik, tankou:

- Administratif. Nou gen règleman ki di nou kijan pou n itilize enfòmasyon sou sante w kèlkeswa sou ki fòm li ye – ekri, oral oswa elektwonik.
- Fizik. Enfòmasyon sou sante w yon kote ki an tout sekirite e ki fèmen akle. Nou pwoteje aksè nan òdinatè ak bilding nou yo. Sa ede nou bloke aksè ki pa otorize.
- Teknik. Aksè nan enfòmasyon sou sante w "baze sou wòl". Sa pèmèt sèlman moun ki bezwen fè travay yo ak ba w swen, pou yo gen aksè.

Nou respekte tout lwa federal ak lwa eta yo pou pwotection enfòmasyon sou sante w yo.

### **Èske nou pral chanje avi sa a**

Selon lalwa, nou fèt pou nou kenbe enfòmasyon sou sante w, prive. Nou fèt pou nou respekte sa nou di nan avi sa a. Nou gen dwa tou pou nou chanje avi sa a. Si nou chanje avi sa a, chanjman yo aplike pou tout enfòmasyon nou genyen pou ou yo oswa ke nou pral resevwa alavni. Ou kapab jwenn yon kopi avi ki pi resan an sou sitwèb nou an nan **AetnaBetterHealth.com/NewYork**.